

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif, lantaran analisis datana ngagunakeun ukuran data kuantitatif, kalayan ngagunakeun métodé kuasi ékspérimén. Kuasi ékspérimén miboga tujuan pikeun nguji éféktif heunteuna model pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina kamampuh nulis carita pondok. Dumasar kana métodé panalungtikan di luhur desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and post-test*. Ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pre-test* heula pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. sabada éta tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok kalayan ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, anu satuluyna dilakukeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh nulis carita pondok sanggeus dibéré *perlakuan*. Desainna kayaning ieu dihandap.

Table 3.1
Desain Panalungtikan

<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O ₁	X	O ₂

(Sugiyono, 2017, kc. 75)

Katerangan:

O₁ = *pre-test* (kamampuh awal nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*)

X = *treatment* (pangajaran ngagunakeun model pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*)

O₂ = *post-test* (kamampuh nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*)

3.2 Sumber Data


Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 anu jumlahna 28 siswa, 18 awéwé jeung 10 siswa lalaki. Anu lokasina di Jl. Selakopi-Cijengkol, Lembursawah, Kec.Cicantayan, Sukabumi Regency, Jawa Barat 43155. Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis carita pondok.

Tabél 3.2
Sumber Data Siswa SMK Al-Husaeniyah

Kelas	Wanda Boga	Jumlah
XI-Perbankan Syariah	Lalaki	18 Siswa
	Awéwé	10 Siswa
Jumlah		28 siswa

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain *pre-test and post-test group design*. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3.3
Prosédur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah-léngkah dina panalungtikan dipedar saperti ieu handap.

a. Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Nulis

Panalungtik dina tahap tatahar ieu ngayakeun survey ka sakola anu baris dilaksanakeun panalungtikan nyaéta di SMK Al-Husaeniyah ngeunaan masalah naon wae anu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda nulis carita pondok hususna di kelas XI Perbankan Syariah luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 révisi 2017.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna pikeun panalungtik nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis carita pondok di kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah.

c. Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah tuluy panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada nangtukeun tiori satuluyna panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis mangrupa jawaban anu sipatna sementara pikeun masalah panalungtik anu bakal kabukti jawabanna ngaliwatan data anu kakumpulkeun.

e. Ngarumuskeun Instrumén

Sabada ngarumuskeun hipotésis satuluyna panalungtik ngarumuskeun instrumén anu digunakeun dina panalungtikan anu mangrupa soal *pre-test* jeung *post-test* nulis carita pondok.

f. Ngumpulkeun Data

Sabada kapanggih masalah anu aya di SMK Al-Husaeniyah kelas XI Perbankan Syariah taun ajar 2021/2022, tuluy panalungtikan. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali nyaéta, nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. *pre-test* dilaksanakeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh

Anisa Azizah, 2021

MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun model pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sanggeus *treatment* anu tujuan pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

g. Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistic ngaliwatan aplikasi *SPSS PSAW versi 18*.

h. Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtik, satuluyna panalungtik nyusun laporan hasil panalungtik.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés anu digunakeun nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun saméméh jeung sabada uji coba modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis carita pondok. Tés awal (*pre-test*) maksadna pikeun mikanyaho gambaran awal kamampuh siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. sedengkeun tés ahir (*post-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba kalawan ngagunakeun model pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah, nya éta saperti ieu di handap.

- a. Siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*.
- b. Sabada mikanyaho hasil nulis carita pondok saméméh ngagunakeun model *Think-Talk-Write (TTW)*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika proses pangajaran nulis carita pondok kalayan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write*.
- c. Nepikeun matéri carita pondok kalawan ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)* dina lumangsuna proses pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment*

Anisa Azizah, 2021

MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(perlakuan).

- d. Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél *Think-Talk-Write (TTW)*.

3.5 Instrumént Panalungtikan

Nurutkeun (Sugiyono, 2017, kc. 102) instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh kajadian alam boh kajadian social anu dititénan. Kajadian éta sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Tés anu digunakeun mangrupa tés tulis. Ieu instrumén digunakeun dua kali, nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Tés kahiji nyaéta *pre-test* pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, tés kadua nyaéta *post-test* pikeun ngukur kamampuh siswa nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

Ieu di handap mangrupa soal tés anu dibérékeun ka siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

Soal Nulis Carita Pondok

Jieun hiji carita pondok, kalayan milih salahsahiji téma anu geus ditangtukeun di handap. Perhatikeun eusi, éjahan, kosa kecap, jeung diksi ogé struktur panulisanna kudu bener!

- a. Sakola
- b. Lingkungan
- c. Liburan
- d. Kulawarga
- e. Sobat

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téknik Analisis Data

Analisis data nyaéta kagiatan anu dilakukeun sabada kabéh data bérés kakumpul. Data anu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (*pre-test*) jeung kamampuh ahir (*post-test*) ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*.

Anisa Azizah, 2021

MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW).

- a. Mariksa hasil karangan carita pondok siswa tina *pretest* jeung *posttest* dumasar kana aspek kritéria dina tabél 3.3.

Tabél 3.3
Kritéria Meunteun Karangan Carita Pondok

No	Aspék	Skor	Kritéria
1	Kasaluyuan Téma jeung Eusi	5	Alus pisan (eusi carpon alus pisan, luyu jeung téma)
		4	Alus (eusi carpon alus, aya patalina jeung téma)
		3	Sedeng (eusi carpon cukup/basajan, rada luyu jeung téma)
		2	Kurang (eusi carpon kurang hadé, kurang luyu jeung téma).
		1	Kurang pisan (eusi carpon goréng teu luyu jeung téma).
2	Organisasi Eusi	5	Alus pisan (eusi dimekarkeun jelas pisan, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraph raket).
		4	Alus (eusi dimekarkeun jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraph kurang raket).
		3	Sedeng (eusi dimekarkeun cukup jelas, runtuyan strukturna teu sistematis tapi lengkep, hubungan antar paragraph kurang raket).
		2	Kurang pisan (eusi dimekarkeun kurang jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraph teu raket).
		1	Kurang pisan (eusi dimekarkeun teu jelas pisan, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraph teu raket).

No	Aspék	Skor	Kritéria
3	Diksi (Pilihan Kecap)	5	Alus pisan (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan).
		4	Alus (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus).
		3	Sedeng (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap, nyusun kecap anu cukup/basajan).
		2	Kurang (ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah).
		1	Kurang pisan (ngagunakeun pilihan kecap anu teu merenah pisan).
4	Makéna Basa	5	Alus pisan (ngawasa pisan tata basa, teu aya kasalahan dina makéna basa).
		4	Alus (ngawasa tata basa, ngan saeutik kasalahan dina makéna basa).
		3	Sedeng (cukup ngawasa kana tata basa, aya kasalahan dina makéna basa).
		2	Kurang (kurang ngawasa kana tata basa, loba kasalahan dina make basa jeung nyusun kalimah).
		1	Kurang pisan (teu ngawasa kana tata basa, loba pisan kasalahan nepi ka teu komunikatif).
5	Éjahan	5	Alus pisan (ngawasa kaédah nulis kecap, teu aya kasalahan).
		4	Alus (ngawasa kaédah nulis kecap, aya kasalahan).
		3	Sedeng (ngawasa kaédah nulis kecap, loba kasalahan).
		2	Kurang (ngawasa kaédah nulis kecap, loba pisan kasalahan).
		1	Kurang pisan (teu ngawasa kaédah dina nulis kecap).

(diropéa tina Nugiyantoro, 2013, kc. 110)

- b. Méré peunteun kana hasil nulis carita pondok siswa kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\sum skor (a+b+c+d+e)}{\sum skor maksimal (25)} \times 100$$

Tabél 3.4
Kritéria Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Katégori
≥ 78	Mampuh
≤ 78	Can Mampuh

KKM : 78

Peunteun Maksimal : 100

Katégori : Peunteun ≥ 78 , siswa dianggap mampuh nulis carita pondok nu bener.

Peunteun ≤ 78 , siswa dianggap can mampuh nulis carita pondok nu bener.

- c. Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Kamampuh Nulis Carita Pondok Siswa

No	Aspék kamampuh Nulis Carita Pondok					Σ	P	Katégori
	A	B	C	D	E			
1								
2								
3								
4								
5								
Σ								
X								

Katerangan:

A : Kasaluyuan téma jeung eusi

B : Organisasi eusi

C	: Pilihan kecap atawa diksi
D	: Makéna basa
E	: Éjahan
Σ	: Jumlah Skor
P	: Peunteun

3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara make *software SPSS PSAW versi 18. Statistical Product and Service Solution (SPSS)* mangrupa hiji program anu digunakeun pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistic. Data input anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test*, jeung indeks gains anu satuluyna dijabarkeun dina ouput hasil analisis *SPSS*.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa henteu normal. Nurutkeun (Sujarweni, 2007, kc. 55) yén uji normalitas téh miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variable anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak anu digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*.

Léngkah-léngkah anu dilakukeun pikeun uji normalitas kalayan ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*, nya éta:

1. Klik *Variable View*, dina *name* tulis *pre-test* jeung *post-test*, dina *decimals* ubah sakabéhna jadi 0, dina label tuliskeun *pre-test* jeung *post-test*, nu séjénna default;
2. Klik *Data View*, asupkeun data *pre-test* jeung *post-test* nu geus disiapkeun saluyu jeung ngaran variabel;
3. Pilih *Analyze* dina menu *SPSS*, klik *Regression*, pilih *Linear* pikeun ngayakeun nilai *unstandardized residual (RES_1)* nu satuluyna rék di uji normalitas;
4. Muncul *Linear Regression*, asupkeun variabel *post-test* kana *Dependant* sedengkeun *pre-test* kana *Independent*, klik *save*;
5. Muncul *Linear Regression:Save*, dina *Residuals* ceklis *Unstandardized*, klik *continue*, klik ok;

Anisa Azizah, 2021

MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ekspérimén di Kelas XI - Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah Taun Ajar (2021/2022))

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

6. Tutup *output* nu muncul tina program SPSS. Muncul variable anyar *RES_1* dina *Data View*;
7. Pilih menu *Analyze* → *Nonparametric Test* klik *Legacy Dialogs*, pilih submenu *I- Sample K-S*;
8. Muncul *One Sample Kolmogrov-Smirnov Test*, asupkeun variable *Unstandardized Residual* kana *Test Variable List*, dina *Test Distribution* céklis pilihan *Normal*;
9. Klik Ok, satuluyna muncul output *One Sample Kolmogrov-Smirnov Test*.

Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas ku cara uji *Kolmogrov-Smirnov*, ku cara signifikan 95% ($\alpha=0,05$).

Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $> 0,05$

H_1 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.2.2 Uji Hipotésis Data

Hipotésis nyaéta hiji jawaban anu sipatna saheulaanan ngeunaan pasualan-pasualan anu aya dina panalungtikan, nepi kabuktiktian ngaliwatan data anu bérés kakumpul (Sugiyono, 2017, kc. 64). Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis anu dianalisis ku *software SPSS PSAW versi 18*. Pikeun nangtukeun uji hipotésis bisa dilakukeun ku du acara. Saupama hasil data anu normalitas nunjukeun hasil data anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic parametris* kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun saupama data anu diuji némbongkeun yén data téh miboga distribusi anu teu normal, ku kituna nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis *non-parametris* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pair test*.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis kalayan ngagunakeun uji *t-test*, nya éta:

1. Klik menu *Analyzed – compare means – one sample t-test*.
2. Muncul kotak dialog “*one sampel t-test*”, tuluy asupkeun hasil diajar (hasil) kotak (*test variables*), dina bagian *test value* ketik 78 (kusababb rék ngabandingkeun nilai rata-rata hasil diajar siswa kana nilai 78).

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_a = Aya bédana anu signifikan antara saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI-Perbankan Syariah Taun Ajar 2021/2022.

H_o = Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina pangajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI-Perbankan Syariah Taun Ajar 2021/2022.